

# Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

## Lis kontwòl sekirite pou tranbleman tè

Yon tranbleman tè se yon sekous soudan e rapid lè latè a tranble poutèt wòch ki anba sifas latè a ak kase e deplase. Tranbleman tè se bagay ki rive briskman, san avètisman e yo gen dwa rive nenpòt kilè pandan lane a, pandan lajounen oubyen lannwit. Karant-senk eta ak teritwa Ozetazini gen yon risk sòti nan modere rive jiska gwo risk pou yo sibi tranbleman tè, e yo sitye nan tout rejyon peyi a.

### Èske ou rete nan zòn kote gen yon gwo risk tranbleman tè ?

- Kontakte biwo administrasyon ijans lokal ou, sikisal Kwa-Wouj Ameriken lokal, etid jewolojik nan Eta a oswa depatman resous natirèl la.
- Woulòt ak kay ki pa tache avèk fondasyon yo gen yon risk ki pi gwo toujou pandan yon tranbleman tè.
- Bilding ki gen fondasyon ki poze sou yo dechaj oswa sou tè ki pa estab gen plis risk pou yo sibi domaj.

### Èske ou te konnen ?

Padpòt yo pa ranfòse plis pase nenpòt ki lòt pati nan estrikti kay la. Pandan yon tranbleman tè, al kache anba yon mèb solid e kenbe l byen fò. L ap tankou yonabri ki pral pwoteje w kont bagay k ap tonbe ki gen dwa blese w pandan yon tranbleman tè.

### Kijan mwen kapab pare kò m ?



- Chèche konnen ki plan devakyasyon pou dife ak pou tranbleman tè ki genyen pou tout bilding kote ou ye souvan.
- Chwazi kote ki san danje nan chak pyès ki nan kay, nan lye travay e/oswa nan lekòl ou. Yon egzansp kote ki san danje se kapab anba yon mèb oswa kont yon mi enteryè ki lwen tout fenèt, etajè oswa mèb ki wo ki ta ka tonbe sou w.
- Fè egzèsis tonbe atè, kouvri tèt ou e kenbe w nan chak kote ki san danje. Si w pa genyen okenn gwo mèb ki solid ou kapab kenbe, chita atè a akote yon mi enteryè e kouvri tèt ak kou w avèk bra w.
- Kenbe yon flach ak yon pè soulye solid nan chak chanm kote moun dòmi.
- Asire w lakay ou byen mare avèk fondasyon li yo.
- Vise e mare chofo ak aparèy ki mache avèk gaz sou poto osati miral la (poto soutènman mi a).
- Vise bibliyotèk, armwa pòselèn ak lòt mèb ki wo nan poto soutènman mi a.
- Kwoke atik ki lou, tankou tablo ak miwa, lwen kabann, sofa ak tout kote kote moun dòmi oswa chita.
- Mare tout limyè ki anlè tèt moun.
- Enstale gwo verou sekirite oswa vis sou armwa yo. Atik ki gwo oswa ki lou ta dwe pi pre atè a, jan sa posib.
- Aprann kijan pou w fèmen vann gaz ki lakay ou e kenbe yon kle (wrench) tou pre w pou kapab fè sa.
- Aprann plis enfòmasyon konsènan estanda konstriksyon seyismik nan zòn ou ansanm ak kòd itilizasyon teren yo anvan ou kòmanse yon nouvo konstriksyon.
- Kenbe e fè yon twous founiti rezèv pou ijans nan yon adnwa ou kapab jwenn aksè fasil.

### Kisa mwen ta dwe fè pandan yon tranbleman tè ?



#### Si w andedan kay ou lè latè a kòmanse sekwe ...

- Tonbe atè a, kouvri tèt ou e kenbe kò w. Eseye pa bouje.
- Si w nan kabann ou, rete la, pliye kò w pou fè yon boul e kenbe kò w. Pwoteje tèt ou avèk yon zòreye.
- Rete lwen tout fenèt pou evite mòso vè blese w.
- Rete andedan kay ou jiska sekous lan fini e ou wè pa gen danje pou sòti. Si w dwe kite bilding lan apre tranbleman tè a rete, pran eskalye yo olye pou w pran yon asansè sizoka ta gen aprè-sekous, blakawout oubyen lòt domaj.
- Pa bliye alarm dife ak sistèm awozaj tounikè (sprinkler) konn deklanche souvan pandan yon tranbleman tè, menmsi pa gen dife.

#### Si w andeyò kay ou lè latè a kòmanse sekwe ...

- Jwenn yon kote e tonbe atè a. Rete la a jiskaske tranbleman an rete (lwen tout bilding, kab elektrik, pye bwa, limyè lari yo).
- Si w andedan yon veyikil, vire machin la antre nan yon kote ki degaje e kanpe la. Evite pon yo, pasaj siperyè ak kab elektrik, si posib. Rete anndan machin lan e mete senti sekirite w jiskaske tranbleman an rete. Apre sa, kondwi avèk prekosyon, evite tout pon bretèl (ramp) ki petèt te sibi domaj.
- Si yon kab elektrik tonbe sou machin ou, pa eseye sòti. Tann yo vin ede w.
- Si w nan yon zòn kote gen anpil montay oswa akote pant oswa falèz ki enstab, fè atansyon ak wòch ak lòt debri k ap tonbe. Glisman teren rive souvan lè gen yon tranbleman tè.

### Kisa pou m fè apre yon tranbleman tè ?



- Apre yon tranbleman tè, dezaz la gen dwa kontinye. Prewa e pare w pou aprè-chòk patnasyèl, glisman teren oswa menm pou yon tsunami. Tranbleman tè konn pwovoke tsunami.
- Chak fwa ou santi yon aprè-sekous, tonbe atè, kouvri tèt ou e kenbe kò w. Aprè-sekous yo rive souvan kèk minit, jou, semèn oswa mwa apre yon tranbleman tè.
- Verifie si w pa blese e al chèche premye swen yo, si se nesèsè, anvan w al ede moun ki blese yo oubyen moun ki kole yo.
- Mete pantalon long, chemiz avèk manch ki long, souliye ki solid ak gan pou travay pou pwoteje tèt ou pou w pa blese avèk bagay ki kraze.
- Gade rapidman pou wè domaj ki andedan ak toutotou kay ou e mande tout moun si gen danje lakay ou.
- Koute yon radyo pòtab, ki mache ak pil oswa avèk yon manivèl pou kapab jwenn enfòmasyon ijans resan ak enstriksyon.
- Verifie tout telefòn ki lakay ou oswa nan kote w ap travay la pou kapab wè si ou kapab tande tonalite a (si liy la pa okipe). Fè ti apèl ki kout pou rapòte ijans kote moun gen dwa pèdi lavi yo.
- Chèche wè si gen ti dife ki te kòmanse e etenn yo. Dife se pi gwo danje ki egziste apre yon tranbleman tè.
- Netwaye touswit tout medikaman ki tonbe, blitch (javèl), gazolin oswa lòt likid ki kapab pran dife.
- Louvri armwa ak pòt tiarmwa yo avèk prekosyon poutèt sa ki ladan yo petèt te deplase pandan dezaz la.
- Ede moun ki bezwen yon asistans espesyal, tankou tibebe, timoun ak granmoun oswa moun ki andikape.
- Chèche wè tout kab elektrik ki tonbe oswa tiyo gaz ki kase e pa antre nan zòn ki sibi domaj yo.
- Kontwòle bèt yo byen.
- Rete andeyò bilding ki sibi domaj.
- Si w pa t lakay ou, pa tounen anvan otorite yo te ba w otorizasyon. Fè trè atansyon e gade tou mi yo byen, tout atè a, pòt yo, eskalye yo ak fenèt yo pou wè si pa gen domaj.
- Fè atansyon lè w ap kondwi apre yon tranbleman tè e prewva limyè sikilasyon yo p ap mache.

### Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Si kominote w te sibi yon tranbleman tè oubyen kèlkeswa dezaz la, enskri tèt ou nan sit Wèb Kwa-Wouj Ameriken ki rele An sekirite ak anfòm [RedCross.org/SafeandWell](http://RedCross.org/SafeandWell) pou kite fanmi w ak fanmi w konnen kijan ou ye. Si w pa gen Entènèt, rele **1-866-GET-INFO** pou kapab enskri tèt ou ansanm ak fanmi w.